

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi pikeun ka hareupna.

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan toponimi ngaran-ngaran lembur di kecamatan Cariu dumasar papat kalima pancer, nu dianalisisna nyaéta aya tilu: (1) pola katut aspék dina ngaran lembur, (2) asal-usul ngaran lembur, (3) ajén kaarifan lokal dina toponimi. Pikeun ngaguarna digunakeun sababaraha téori, pola katut aspék anu ngawengku téori pola linier jeung barung.

Aspék toponimi ngagunakeun téori Dede Kosasih anu ngawengku aspék fisik al jeung nonfisikal. Anapon dina aspék fisik al ngawengku aspék hidrologis, géomorfologis, jeung biologis (*flora jeung fauna*). Dina aspék nonfisikal ngawengku aspék sosial jeung kultural. Dina ajén kaarifan lokal ngawengku *wisdom* jeung *expectation*.

Sabada ditalungtik, ngeunaan pola ngaran nu aya dina toponimi lembur di kecamatan Cariu kacangking 15 ngaran lembur nu maké pola linier jeung 32 ngaran lembur maké pola barung. Dina aspék hidrologis kacangking aya 9 lembur nu kaasup kana éta aspék kayaning lembur-lembur nu dimimitian ku ‘ci’ jeung ‘leuwi’. Dina aspék géomorfologis kacangking aya 14 ngaran lembur nu kaasup kana éta aspék kayaning lembur-lembur nu dimimitian ‘tegal’ jeung ‘lamping’. Dina aspék biologis kacangking aya 17 ngaran lembur anu ngawengku 13 ngaran tina aspék flora jeung 4 ngaran lembur tina aspék fauna. Dina aspék nonfisikal kacangking 28 ngaran lembur nu ngawengku 21 lembur kaasup aspék sosial jeung 7 lembur kaasup kultural. Tina 47 lembur nu ditalungtik kacangking 6 lembur nu ngandung ajén kaarifan lokal anu ngawengku 5 lembur ngandung ajén *wisdom* jeung 1 lembur ngandung ajén *expectation*.

Bisa dicindekkeun hasil tina ieu panalungtikan yén asal-usul lembur nu aya di Cariu téh lolobana maké pola barung ogé loba nu maké aspék fisik al. Ieu hal

nuduhkeun yén kaayaan sabudeureun wewengkon mangaruhan pisan kana ngaran éta lembur kayaning lembur-lembur nu dimimitian ku ‘ci’ tangtu raket patalina jeung cai. Sok sanajan loba lembur nu teu ngandung ajén kaarifan lokal, tapi éta hal nuduhkeun yén kumaha raket patalina masarakat jeung kaayaan sabudeureun wewengkon.

Salian ti éta, ngaran-ngaran lembur nu aya di kecamatan Cariu téh kapangaruhan ku sababaraha hal. Di antarana waé lantaran ayana jalma kasohor mangsa baheula, kaayaan géografisna, kaayaan fisikalna éta wewengkon, kaayan sosial mangsa harita, jeung kapangaruhan ku mitologi nu sumebar di masarakat.

5.2 Implikasi

Tangtu waé dina ieu panalungtikan toponimi ngaran-ngaran lembur di kecamatan Cariu miboga kaonjoyan jeung kahéngkeran. Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan téh miboga mangpaat keur pamaca, boh pikeun panalungtik sorangan. Ku kituna ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, kayaning masarakat. Lian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun invéntarisir widang toponimi nu kiwari rada kapopohokeun ku masarakat. Dina ieu panalungtikan ogé, nyieun panalungtik sadar kana kasang tukang ayana lembur.

5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan pola katut aspék nu aya dina toponimi ngaran-ngaran lembur di kecamatan Cariu, salian ti éta medar ngeunaan aspék nu aya dina éta toponimi, ogé dipedar ngeunaan ajén kaarifan lokal nu aya dina éta toponimi. Tujuanna ku sabab kurangna kasadaran masarakat kana kasang tukang ngaran lemburna séwang-séwangan. Ku kituna salian ti jadi invéntarisir, ieu panalungtika bisa jadi panggeuing kasadaran masarakat kana kasang tukang lemburna séwang-séwangan. Dina ieu panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna. Dipiharep ieu panalungtikan bisa mekarkeun panalungtikan, lian ti panalungtikan ngeunaan pola katut aspék, asal-usul, jeung

ajén kaarifan lokal. Dipiharep ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun tur ngamumulé budaya Sunda, hususna widang toponimi.